

## **BAB V**

### **MEKARKEUN BAHAN PANGAJARAN BASA SUNDA *BERBASIS* KARAKTER DI SMP**

Luyu jeung tujuan panalungtikan, dina ieu bab V dipedar kumaha carana mekarkeun bahan pangajaran basa Sunda *berbasis* karakter di SMP tina hasil panalungtikan ajén-inajén kaislaman dina paribasa Sunda nu geus didadarkeun dina bab-bab saméméhna.

#### **5.1. Ambahan Bahan Ajar Paribasa Sunda**

##### **5.1.1. Materi Paribasa Sunda dina Kurikulum 2013**

Materi pangajaran paribasa Sunda dina *Kurikulum Muatan Lokal Mata Pelajaran Bahasa Sunda SMP/MTs.* taun 2013 aya dina salahsahiji aspék pengembangan *materi kosa kata* di widang *kebahasaan* nu dina prinsipna méré kawenangan ka guru pikeun nyieun atawa nangtukeun bahan ajar nu diluyukeun jeung kompetensi katut tujuan pangajaran nu hayang kahontal (Disdik Provinsi Jawa Barat, 2013: 46).

Mekarkeun materi *kosa kata* (kandaga kecap) hartina lain ngajarkeun pangaweruh tiori basa, tapi kudu ngajanggélék dina kontéks makéna basa. Jadi, paribasa Sunda lain diajarkeun sacara mandiri dina wangun daptar sababaraha paribasa jeung hartina, tapi kudu dipaké dina konteks kahirupan sosial nu ngarojong siswa maham kana cara makéna basa, di jerona ngabantu siswa maham kana eusi paribasa. Leuwih jerona deui, konteks wacana pangajaran nu disuguhkeun kudu bisa ngabantu siswa maham tur sadar kana perluna ngamalkeun ajén-inajén karakter nu kakandung dina éta paribasa.

Patalina jeung upaya mekarkeun bahan pangajaran Basa jeung Sastra Sunda *berbasis* karakter nu sumberna tina ajén-inajén karakter nu kakandung dina paribasa Sunda, dina prak-prakanana bisa ditepikeun dina tiap matéri pangajaran, boh nu aya dina hancengan materi kabasaan, pon kitu deui nu aya dina hancengan materi kamahéran basa ( ngaregepkeun, nyarita, maca, jeung nulis). Husus pikeun nepikeun matéri paribasa Sunda *berbasis* karakter di SMP, bisa disodorkeun

ngaliwatan materi husus kabasaan ngeunaan *ungkapan dan peribahasa* (babasan jeung paribasa) dina materi ka-4, ngeunaan *Idiom Basa Sunda* kelas IX nu geus ditetepkeun dina Kurikulum 2013, Silabus Mata Pelajaran Bahasa Sunda SMP/MTs kelas IX( Disdik Provinsi Jawa Barat, 2013 : 91).

### **5.1.2. Tujuan Mekarkeun Bahan Pangajaran**

Tujuan mekarkeun bahan pangajaran basa Sunda berbasis karakter di SMP tina ajén-ajén karakter nu aya dina paribasa Sunda miboga tujuan sacara sacara umum, oge tujuan husus.

#### **5.1.2.1. Tujuan Umum**

Luyu jeung Tujuan Pendidikan Nasional Indonesia “*Berkembangnya potensi peserta didik agar menjadi manusia beriman dan bertakwa kepada Tuhan YangMaha Esa, berahlak mulia, sehat, berilmu, cakap, kreatif, mandiri, dan menjadi warga negara yang demokratis serta bertanggung jawab*” ( Bab II Pasal 3 UU RI No.20 Tahun 2003), sacara umum mekarkeun bahan pangajaran basa Sunda berbasis karakter miboga tujuan pikeun ngarojong kahontalna tujuan pendidikan nasional, sakumaha anu disebutkeun sacara yén,

*Pendidikan karakter bertujuan untuk meningkatkan mutu penyelenggaraan dan hasil pendidikan di sekolah yang mengarah pada pencapaian pembentukan karakter atau ahlak mulia peserta didik secara utuh, terpadu, dan seimbang, sesuai standar kompetensi lulusan. Melalui pendidikan karakter diharapkan peserta didik di SMP mampu secara mandiri meningkatkan dan menggunakan pengetahuannya mengkaji dan menginternalisasi serta mempersonalisasi nilai-nilai karakter dan ahlak mulia sehingga terwujud dalam perilaku sehari-hari* (Kemendiknas: 2010: 8).

#### **5.1.2.2. Tujuan Husus**

Tujun husus mekarkeun bahan pangajaran basa Sunda *berbasis* karakter minangka penjabaran tina tujuan umum atikan karakter sakumaha nu disebutkeun asional di luhur nu satuluyna kudu dimekarkeun ku lembaga atikan atawa sakola dina wangun tujuan istitusional. Tina tujuan istitusional dijabarkeun deui jadi tujuan kurikuler atawa tujuan pangajaran nu aya dina saban widang mata

pangajaran nu satuluyna kudu dijadikeun acuan pikeun nangtukeun tujuan pangajaran (intruksional) dina tiap rencana kagiatan pangajaran basa Sunda *berbasis* karakter.

Pikeun ngajalujuran kahontalna tujuan husus pangajaran basa Sunda *berbasis* karakter, pamaréntah ngaliwatan Kemendiknas ngaluarkeun rambu-rambu atawa indikator hasil-henteuna *penyelenggaraan* atikan karakter dilaksanakeun ku hiji lembaga atikan.

Hasil-henteuna program atikan karakter bisa katitén ngaliwatan *pencapaian* indikator ku parasiswa sakumaha nu kaunggel dina Standar Kompetensi Lulusan SMP, nu diantarana ngawengku hal-hal kieu di handap:

1. *Mengamalkan ajaran agama yang dianut sesuai dengan tahap perkembangan remaja;*
2. *Memahami kekurangan dan kelebihan diri sendiri;*
3. *Menunjukkan sikap percaya diri;*
4. *Mematuhi aturan-aturan sosial yang berlaku dalam lingkungan yang lebih luas;*
5. *Menghargai keberagaman agama, budaya, suku, ras, dan golongan sosial ekonomi dalam lingkup nasional;*
6. *Mencari dan menerapkan informasi dari lingkungan sekitar dan sumber-sumber lain secara logis, kritis, dan kreatif;*
7. *Menunjukkan kemampuan berpikir logis, kritis, kreatif, dan inovatif;*
8. *Menunjukkan kemampuan belajar secara mandiri sesuai dengan potensi yang dimilikinya;*
9. *Menunjukkan kemampuan menganalisis dan memecahkan masalah dalam kehidupan sehari-hari;*
10. *Mendesripsikan gejala alam dan sosial;*
11. *Memanfaatkan lingkungan secara bertanggung jawab;*
12. *Menerapkan nilai-nilai kebersamaan dalam kehidupan bermasyarakat, berbangsa, dan bernegara demi terwujudnya persatuan dalam negara kesatuan Republik Indonesia;*
13. *Menghargai karya seni dan budaya nasional;*
14. *Menghargai tugas pekerjaan dan memiliki kemampuan untuk berkarya;*
15. *Menerapkan hidup bersih, sehat, bugar, aman, dan memanfaatkan waktu luang dengan baik;*
16. *Berkomunikasi dan berinteraksi secara efektif dan santun;*
17. *Memahami hak dan kewajiban diri dan orang lain dalam pergaulan di masyarakat; Menghargai adanya perbedaan pendapat;*
18. *Menunjukkan kegemaran membaca dan menulis naskah pendek sederhana;*

19. Menunjukkan keterampilan menyimak, berbicara, membaca, dan menulis dalam bahasa Indonesia dan bahasa Inggris sederhana;
20. Menguasai pengetahuan yang diperlukan untuk mengikuti pendidikan menengah;
21. Memiliki jiwa kewirausahaan.

Sacara idealis, tujuan mekarkeun bahan pangajaran tina ajén-inajén karakter nu aya dina paribasa salian ti nu ditataan di luhur, oge ngajarkeun sakaligus ngawaris generasi mikaweruh kana paribasa Sunda salaku sumber budaya bangsana sorangan nu pinuh ku ajén-inajén linuhung malahmandar bisa numuwuhkeun sikep kacinta jeung kareueus generasi kana budayana sorangan.

### **5.1.3. Pamarekan Ngajarkeun Paribasa Sunda Berbasis karakter**

Sakumaha anu geus ditepikeun di luhur yén mekarkeun materi *kosa kata* (kandaga kecap) hartina lain ngajarkeun pangaweruh tiori basa, tapi kudu ngajanggélék dina kontéks makéna basa. Jadi, paribasa Sunda lain diajarkeun sacara mandiri dina wangun daptar sababaraha paribasa jeung hartina, tapi kudu dipaké dina konteks kahirupan sosial nu ngarojong siswa maham kana cara makéna basa, di jerona ngabantu siswa maham kana eusi paribasa. Leuwih jerona deui, konteks wacana pangajaran nu disuguhkeun kudu bisa ngabantu siswa maham tur sadar kana perluna ngamalkeun ajén-inajén karakter nu kakandung dina éta paribasa.

Ku kituna, bahan ajar kudu disodorkeun dina wangun wacana nu témana mangrupa pasualan-pasualan nu aktual dina kahirupan (siswa) masarakat. Bahan ajar paribasa Sunda dina wangun carita dipiharep bisa ngahudang karep siswa kana suasana mikir nu leuwih *komprehensif*. Ngaliwatan kagiatan maca wacana, suasana jeung pikiran siswa bakal kahudang milu aub ngungkulan pasualan-pasualan nu disodorkeun dina carita, bisa leuwih kritis nu satuluyna dipiharep kahudang pikeun méré kamandang dumasar kana rasa jeung pangaweruhna séwang-séwangan. Ku cara kituna, modél bahan pangajaran paribasa Sunda dipiharep bisa nepikeun ajén-ajén atikan, ajén-ajén moral nu linuhung pikeun

ngarangsang tumuwuhna karakter siswa nu luyu jeung tujuan umum atikan *berbasis* karakter bangsa.

Di handap aya sababaraha conto materi bahan ajar paribasa Sunda dina wangun wacana tulis nu cocog pikeun ngajarkeun matéri paribasa Sunda berbasis karakter di SMP.

### ***Wacana 1***

#### **Ma Éroh**

Ngaranna Ma Éroh. Pangawakan awéwé bedas tengah tuwuh nu hirup di daérah pakampungan nyingkur di wewengkon pakidulan Tasikmalaya. Pakasaban sapopoéna tatanén. Naon nu saméméhna teu kungsi kapikiran ku masarakat sabudeureunana, bet ahirna jadi kanyataan. Masarakat nu aya di kampung Ma Éroh kawilang masarakat patani miskin lantaran sumber cai nu biasa ku pangeusi lembur dipaké nyaian lahan tatanén (nyawah) ukur ngandelkeun datangna cai hujan. Lamun datang mangsana halodo, loba masarakat di éta kampung nu kurang dahareun, malah sok sering kabéjakeun nepi ka loba nu kalaparan sabab lahan tatanén nu jadi andelan kahirupan masarakat éta kampung teu bisa ngadatangkeun hasil tatanén lantaran garing tarelaan euweuh cai.

Nya éta Ma Éroh nu ngarobah éta kampung jadi ma'mur. Manéhna nu sakali-kali dibantuan ku anakna nu awéwé meulah pabukitan batu nu tarahal nyieun solokan pikeun ngalirkeun cai ka lahan pasawahan di éta lembur. Teu saeutik di antara warga éta kampung ngajebian kana usaha Ma Éroh lantaran ceuk maranéhna pamohalan usahana ngadatangkeun hasil. Pabukitan batu nu tarahal tur jarak nu kawilang jauh kana sumber cai lain pagawéan énténg nu bisa dilakukeun ku pangawakan awéwé. Ma Éroh ***teu unggut kalinduan teu gedag kaanginan*** ku sababaraha sikep masarakat nu nyapirakeun usaha téh, terus ngeureuyeuh unggal poé kalayan pinuh ku kayakinan dina dirina yén hiji mangsa manéhna pasti bakal bisa nyieun saluran irigasi nu baris nyaian lahan pasawahan di kampungna. Unggal poé saban waktu, sauetik demi saeutik, ceuk paribasa mah ***Cikaracak ninggang batu, laun-laun jadi legok***. Teu kurang ti lima taun terus-terusan usahana,

Achmad Sopian Effendi, 2014

*Ajén-inajén Kaislamán Dina Paribasa Sunda Pikeun Mekarkeun Bahan Pangajaran Basa Sunda Berbasis Karakter Di SMP*

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

antukna ngadatangkeun hasil. Ma Éroh ahirna bisa ngaréngsékeun pagawéanana ngalirkeun cai ti sungapan ka lahan pasawahan nu aya di lemburna ngaliwatan irigasi meunang nyieun dirina salila mangtaun-taun. Lahan sawah nu tadina angar lamun datang usum halodo, sabada ayana irigasi meunag Ma Éroh mah bisa produktif sapanjang taun. Éta kampung jadi subur ma'mur.

Béja perjuangan hésé-capé Ma Éroh nu *tisuksuk tidungdung, dug hulu pet nyawa, suku dijieun hulu, hulu dijieun suku* mangtaun-taun ahirna nepi ka pamaréntah (harita jaman Presiden Soeharto). Tina éta jasa-jasana, ahirna harita Ma Éroh meunang pangleler Kalpataru ti Presiden Soeharto.

Dua puluh taun ti dinya aya béja, Ma Éroh gering parna. Kondisi kaséhatanana kacida piwatireunana. Awakna nu baheula cangker tur keker, duwuwuh ku sumanget hirup nu ngagedur, kiwari kari rungang begang *taya tangan pangawasa* balukar tina mangtaun-taun nahan kanyeri tina kasakitna. Ma Éroh kapopohokeun. Hirupna tetep miskin. Jasana nu sakitu gedéna geuning teu matak mawa kahirupanana jadi leuwih ma'mur.

Ajén-inajén moral naon nu diajarkeun tina prilaku hirup Ma Éroh?

Saha nu kudu tanggung jawab nalika ma Éroh hirup sangsara?

(sumber : Model Pembelajaran Nilai, 2013: 182-183)

## **Wacana 2**

### ***Ihlas***

Nalika i'tikaf nungguan waktu solat Jumaah, aya hiji jamaah nu hirupna miskin ngodok pésak ngaluarkeun duit Rp.2.000, terus diasupkeun kana kéncléng masjid nu biasa di kurilingkeun. Aya rasa éra nalika rék ngasupkeun éta duit, ku manéhna ditutupan ku leungeun kécana . Éta Si jalma geus niat ti mimiti indit ti imahna. Duit nu dua rébu téh sabenerna ngahaja geus meunang misahkeun ti imahna kénéh tina duit manéhna nu kabéhna ngan sapuluh rébu pérak. Rasa ihlas bisa nyumbang ka masjid nyababkeun haténa bungah bisa *ngadeudeul ku congo buuk*, sodakoh pikeun kama'muran masjid sanajan mampuhna ngan saeutik, tapi

*clik putih clak hérang* terus jeung karidoan bari pinuh pangharepan dina hiji mangsa Alloh méré kama'muran hirupana. Satuluyana éta jalma bisa ngalaksanakeun solat jumaahna kalayan husu.

Béda jeung jalma beunghar gigireunna nu boga rasa *ieu aing uyah kidul* bari jeung *nyeungeut damar di suhunan*. Nalika kéncléng masjid geus aya di hareupeunana, terus ngaluarkeun dompétna nu merekis ku duit lambaran saratus rébuan. Ngahaja dompét dibekéhkeun sangkan jalma-jalma nu disagigireuna nyahoeun lamun manéhna loba duit. Terus nyabut salambar saratus rebuah diasupkeun kana kencleung bari jeung rada ditonggérakkeun ngarah katingali ku nu dariuk digigireunana yén manéhna nyumbang saratus rébu. Dina haténa nyarita, “jigana ngan aing nu panggedéna nyumbang ka masjid”. Haténa beuki bungah deui nalika pangurus ngalaporkeun keuangan masjid, ngaranna kasebut jalma nu panggedéna nyumbang ka éta masjid. Rasa bungah haté tadi nyababkeun manéhna inget waé kana sodakohnya, malah terus kababawa dina solatna.

Ajén-inajén naon nu ditampilkeun ku éta jalma miskin?

Ajén-inajén naon nu ditampilkeun ku éta jalma beunghar?

Tina carita di luhur, sikep nu mana nu paling mulya di payuneun Alloh, naha sikep jalma nu miskin, atawa sikep jalma nu beunghar? Naon alesanana?

(sumber : Model Pembelajaran Nilai, 2013: 183-184)

### **Wacana 3**

#### ***Adat kakurung ku iga***

Adul, siswa kelas 9 di SMP X geus biasa kaluar-asup BP sabab kasus nu sarua. Kabiasaanana resep maén PS nyababkeun dirina loba bolos jeung tara asup sakola. Sababaraha kali di élingan ku guru jeung ku kolotna tapi *kawas cai dina daun taleus* teu matak jadi robah sikepna. Ku sabab pertimbangan perkembangan mental, harita pihak sakola masih *toléran* naékkeun manéhna ka kelas tilu, tapi

Achmad Sopian Effendi, 2014

*Ajén-inajén Kaislamana Dina Paribasa Sunda Pikeun Mekarkeun Bahan Pangajaran Basa Sunda Berbasis Karakter Di SMP*

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

naékna “*bersyarat*”. Bilamana aya kabéjakeun bolos deui atawa teu asup sakola lantaran kasalahan nu sarupa, Si Adul bakal dikaluarkeun ku pihak sakola.

Aya dua bulanna Si Adul némbongkeun parobahan sikep, manéhna katingali rajin ka sakola, nepi ka hiji mangsa manéhna kaasup salahsaurang nu ditangtungkeun hareupeun lapang sakola sabab beunang ku razia polisi dina operasi “*Penertiban Siswa*” nu dilaksanakeun ku pihak kepolisian. Si Adul jeung batur-baturna katangkep keur pésta miras di tempat PS dina waktu diajar. Surat *sakit* nu dikirimkeun ka sakola poé harita, singhoréng ngan akalna wungkul. Ti imah ka kolot bébéja rék ka sakola, padahal mah sakolana teu nepi, kalah nyimpang ka tempat PS, Lampah si Adul bener-bener **Cul dogdog tinggal igel**.

Tungtungna Si Adul *katurug katutuh*, lain waé ku pihak sakola dikaluarkeun, tapi urusanana jeung pulisi jadi **maut ka puhu**, nyusahkeun nu jadi kolot. Geus kitu mah kakara *karasa ku tulang beuheungna yén kaduhung mah tara tiheula*.

Pelajaran naon nu bisa katangkep tina carita di luhur? Kumaha sikep nu ditunjukkeun ku Si Adul?

#### 5.1.4. Cara Meunteun

Kegiatan meunteun hasil diajar (evaluasi) ngajar kacida pentingna dina tiap program pangajaran sangkan bisa meunangkeun data nu akuntabel ngeunaan kahontal-henteuna tujuan pangajaran, boh pikeun nagtukeun *ketercapaian* kamampuh (kompetensi) siswa sacara pribadi, kitu deui evaluasi pikeun guru dina nagtukeun léngkah-léngkah pangajaran satuluyna sangkan leuwih efektif tur efisien.

Kegiatan meunteun (evaluasi) dina atikan berbasis karakter saeutikna kudu bisa ngaakomodasi kapentingan meunteun opat ranah karakter sacara umum, nya éta:

1. Karakter nu sumberna tina ***olah hati*** di antarana nya éta *beriman dan bertakwa, jujur, amanah, adil, tertib, taat aturan, bertanggung jawab, berempati, berani mengambil resiko, pantang menyerah, rela berkorban, dan berjiwa patriotik*;

Achmad Sopian Effendi, 2014

*Ajén-inajén Kaislamman Dina Paribasa Sunda Pikeun Mekarkeun Bahan Pangajaran Basa Sunda Berbasis Karakter Di SMP*

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu



2. Karakter nu sumberna tina **olah pikir** di antarana nya éta *cerdas, kritis, kreatif, inovatif, ingin tahu, produktif, berorientasi ipteks, dan reflektif*;
3. Karakter nu sumberna tina **olah raga/kinestetika** di antarana waé nya éta *bersih, dan sehat, sportif, tangguh, andal, berdaya tahan, bersahabat, kooperatif, determinatif, kompetitif, ceria, dan gigih*; jeung
4. Karakter nu sumberna tina **olah rasa dan karsa** di antarana nya éta *kemanusiaan, saling menghargai, gotong royong, kebersamaan, ramah, hormat, toleran, nasionalis, peduli, kosmopolit (mendunia), mengutamakan kepentingan umum, cinta tanah air (patriotis), bangga menggunakan bahasa dan produk Indonesia, dinamis, kerja keras, dan beretos kerja*.

Evaluasi atawa penilaian bisa dilaksanakeun ngaliwatan wangun tes jeung non tes. Wangun tes nu bisa dilaksanakeun pikeun meunteun kagiatan diajar basa Sunda berbais karakter bisa dina wangun tes lisan, tes tulis, jeung tes *perbuatan*. Wangun tes evaluasi non test biasana ngagunakeun skala sikep, daptar pariksa (*check list*), kuisisioner, portofolio, jurnal, *cuplikan kerja*, jsb.

Pikeun meunteun karakter nu patali jeung **olah hati, olah raga/kinestetika**, jeung **olah rasa dan karsa** kurang *proporsional* upama dilaksanakeun ngaliwatan tes tinulis, kitu deui tes lisan, tapi dipeunteun ngaliwatan kagiatan meunteun non tes. Dina prakprakanana guru ngalaksanakeun téhnik observasi (pengamatan) kalayan ngagunakeun instrumen pengamatan nu dirarancang bisa ngukur karakter **olah hati, olah raga/kinestetika**, jeung **olah rasa dan karsa** siswa ku cara ningali indikasi-inadikasi tina tingkah atawa sikep siswa, boh nalika diajar di kelas, boh keur kagiatan di luar kelas.

Pikeun meunteun karakter nu patali jeung **olah pikir** bisa ngaliwatan tehnik penilaian dina wangun tes oge bisa dina wangun non tes. Cara meunteun karakter siswa dina olah pikir nu paling umum dilaksanakeun dina wangun tes (lisan jeung tulisan) kalawan instrumen nu dirarancang luyu jeung tujuan katut pamerdih kurikulum, boh dina wangun tes obyektif, kitu deui wangun tes nu sipatna subyektif.

## 5.2. Model Bahan Pangajaran Paribasa Sunda

Satuan Pendidikan : SMPN/MTs  
Mata Pelajaran : Basa & Sastra Sunda  
Kelas / Semester : IX / 1  
Materi Pangajaran : 4. *Bahasan yang Mengandung Idiom*

### **Kompetensi Inti :**

9.1. *Menghargai dan menghayati ajaran agama yang dianutnya*

9.2. *Menghargai dan menghayati perilaku jujur, disiplin, tanggung jawab, peduli (teloransi, gotong royong), santun, percaya diri, dan berinteraksi secara efektif dengan lingkungan sosial dan alam dalam jangkauan pergaulan dan keberadaan-Nya.*

9.3. *Memahami dan menerapkan pengetahuan (faktual, konseptual, dan prosedural) berdasarkan rasa ingin tahunya tentang ilmu pengetahuan, teknologi, seni, budaya terkait fenomena dan kejadian tampak mata.*

9.4. *Mengolah, menyaji, dan menalar dalam ranah konkret (menggunakan, mengurai, merangkai, memodifikasi, dan membuat) dan ranah abstrak (menulis, membaca, menghitung, menggambar, dan mengarang) sesuai dengan yang dipelajari di sekolah dan sumber lain yang sama dalam sudut pandang/teori.*

### **Kompetensi Dasar :**

9.1.1. Menghargai dan mensyukuri keberadaan bahasa Sunda sebagai anugerah Tuhan Yang Maha Esa dalam memahami dan menyajikan bahasan.

9.2.4. Menunjukkan perilaku jujur, tanggung jawab, percaya diri, peduli, proaktif, dan santun dalam menggunakan bahasa Sunda untuk memahami bahasan yang mengandung idiom.

9.3.4. Menelaah, mengidentifikasi, dan memahami bahasan yang mengandung idiom sesuai dengan kaidah-kaidahnya.

9.4.4. Menelaah, menanggapi, dan merangkum isi bacaan bahasan yang mengandung idiom.

### **Indikator Pembelejaran :**

9.1.1.1. Menunjukkan sikap positif terhadap bahasa Sunda sebagai bahasa daerah dan atau bahasa Ibu;

9.1.2.1. Bersikap santun, proaktif, dan mampu berbaur dalam situasi belajar memahami peribasa Sunda;

9.1.3.1. Bisa menunjukkan peribahasa sunda yang terdapat dalam teks wacana;

9.1.3.2. Bisa menyebutkan arti dan maksud yang terkandung dalam peribahasa Sunda yang terdapat dalam wacana;

9.1.3.3. Mengidentifikasikan kaidah-kaidah yang terdapat dalam peribahasa Sunda;

9.1.3.4. Bisa menyebutkan nilai-nilai moral yang terdapat dalam peribahasa Sunda.

9.1.4.1. Mampu mengaplikasikan penggunaan peribahasa Sunda dalam konteks sosial yang benar baik secara lisan maupun tulisan.

### **A. Tujuan Pangajaran**

Salila prosés diajar dipiharep siswa :

1. Nunjukkeun sikep positif (cinta, apresiasi) kana pangajaran basa Sunda salaku basana sorangan (basa daérah jeung/atawa basa Indung);

2. Bisa nuduhkeun sikep proaktif jeung kooperatif di tengah suasana pangajaran basa Sunda kalayan pinuh kadariaan;

3. Bisa maham kana ajén-inajén atikan moral nu hadé tina paribasa Sunda;

Achmad Sopian Effendi, 2014

*Ajén-inajén Kaislamman Dina Paribasa Sunda Pikeun Mekarkeun Bahan Pangajaran Basa Sunda Berbasis Karakter Di SMP*

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

4. Bisa ngalarapkeun paribasa Sunda dina konteks sosial kalayan merenah, boh sacara lisan, kitu deui tulisan.

☞ **Karakter siswa nu dipiharep muncul:**

- *Menghargai dan mencintai nilai-nilai budaya bangsa*
- *Menghargai perbedaan (pendapat, sikap, dll)*
- *Menghargai karya orang lain*
- *Semangat dalam bekerja/berusaha*
- *Berfikir logis, cerdas dan kritis*
- *Berani mengemukakan pendapat*
- *Sopan dan santun*
- *Mengembangkan sikap empaty*

**B. Materi Pokok**

**Ma Éroh**

Ngaranna Ma Éroh. Pangawakan awéwé bedas tengah tuwuh nu hirup di daérah pakampungan nyingkur di wewengkon pakidulan Tasikmalaya. Pakasaban sapopoéna tatanén. Naon nu saméméhna teu kungsi kapikiran ku masarakat sabudeureunana, bet ahirna jadi kanyataan. Masarakat nu aya di kampung Ma Éroh kawilang masarakat patani miskin lantaran sumber cai nu biasa ku pangeusi lembur dipaké nyaian lahan tatanén (nyawah) ukur ngandelkeun datangna cai hujan. Lamun datang mangsana halodo, loba masarakat di éta kampung nu kurang dahareun, malah sok sering kabéjakeun nepi ka loba nu kalaparan sabab lahan tatanén nu jadi andelan kahirupan masarakat éta kampung teu bisa ngadatangkeun hasil tatanén lantaran garing tarelaan euweuh cai.

Nya éta Ma Éroh nu ngarobah éta kampung jadi ma'mur. Manéhna nu sakali-kali dibantuan ku anakna nu awéwé meulah pabukitan batu nu tarahal nyieun solokan pikeun ngalirkeun cai ka lahan pasawahan di éta lembur. Teu saeutik di antara warga éta kampung ngajebian kana usaha Ma Éroh lantaran ceuk maranéhna pamohalan usahana ngadatangkeun hasil. Pabukitan batu nu tarahal tur jarak nu kawilang jauh kana sumber cai lain pagawéan énténg nu bisa dilakukeun

Achmad Sopian Effendi, 2014

*Ajén-inajén Kaislaman Dina Paribasa Sunda Pikeun Mekarkeun Bahan Pangajaran Basa Sunda Berbasis Karakter Di SMP*

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

ku pangawakan awéwé. Ma Éroh *teu unggut kalinduan teu gedag kaanginan* ku sababaraha sikep masrakat nu nyapirakeun usaha téh, terus ngeureuyeuh unggal poé kalayan pinuh ku kayakinan dina dirina yén hiji mangsa manéhna pasti bakal bisa nyieun saluran irigasi nu baris nyaian lahan pasawahan di kampungna. Unggal poé saban waktu, sauetik demi saeutik, ceuk paribasa mah *Cikaracak ninggang batu, laun-laun jadi legok*. Teu kurang ti lima taun terus-terusan usahana, antukna ngadatangkeun hasil. Ma Éroh ahirna bisa ngaréngsékeun pagawéanana ngalirkeun cai ti sungapan ka lahan pasawahan nu aya di lemburna ngaliwatan irigasi meunang nyieun dirina salila mangtaun-taun. Lahan sawah nu tadina angar lamun datang usum halodo, sabada ayana irigasi meunag Ma Éroh mah bisa produktif sapanjang taun. Éta kampung jadi subur ma'mur.

Béja perjuangan hésé-capé Ma Éroh nu *tisuksuk tidungdung, dug hulu pet nyawa, suku dijieun hulu, hulu dijieun suku* mangtaun-taun ahirna nepi ka pamaréntah (harita jaman Presiden Soeharto). Tina éta jasa-jasana, ahirna harita Ma Éroh meunang pangleler Kalpataru ti Presiden Soeharto.

Dua puluh taun ti dinya aya béja, Ma Éroh gering parna. Kondisi kaséhatanana kacida piwatireunana. Awakna nu baheula cangker tur keker, duwuwuh ku sumanget hirup nu ngagedur, kiwari kari rungang begang *taya tangan pangawasa* balukar tina mangtaun-taun nahan kanyeri tina kasakitna. Ma Éroh kapopohokeun. Hirupna tetep miskin. Jasana nu sakitu gedéna geuning teu matak mawa kahirupanana jadi leuwih ma'mur.

(sumber : Model Pembelajaran Nilai, 2013: 182-183)

### **Dumasar kana wacana di luhur, cing pék jawab ieu patalékan dihandap!**

1. Paribasa naon waé nu aya dina wacana di luhur?
2. Naon maksudna ieu paribasa di handap:
  - a. Cikaracak ninggang batu laun-laun jadi legok?
  - b. Teu unggut kalinduan teu gedag kaanginan?
  - c. Tisuksuk tidungdung, dug hulu pet nyawa, suku dijieun hulu, hulu dijieun suku?

- d. Taya tangan pangawasa?
3. Naon bédana wangun kalimah dina paribasa Sunda jeung kalimah nu lianna dina wacana di luhur?
  4. Ajén-inajén moral naon waé anu diajarkeun tina prilaku hirup Ma Éroh di luhur?
  5. Cing pék jieun kalimah nu ngagunakeun paribasa dina soal no 2!

### **Pedaran**

Tina wacana di luhur aya sababaraha runtuyan kecap anu dicitak kandel. Diantarana nya éta *Cikaracak ninggang batu laun-laun jadi legok*. Éta kalimah lain nyaritakeun ngeunaan cai atawa batu nu legok lantaran terus kakeclakan ku cai, tapi miboga harti injeuman (konotatif) nu nuduhkeun maksud yén sikep leukeun, getol, atawa *istikomah* dina migawé hiji perkara sanajan saeutik-saeutik pasti bakal aya tapakna (hasilna). Ungkara kalimah samodél kitu dina basa Sunda disebutna *paribasa*.

Paribasa mangrupa wangun ungkara ugeran (idiom) nu mangrupa klausa, atawa nu mangrupa kalimah. Biasana runtuyan kecap-kecapna tetep teu robah sarta ngandung harti babandingan atawa siloka kahirupan manusa.

Ditilik dumasar kana ma'nana, paribasa ngandung ma'na atawa ngandung harti babandingan, siloka paripolah kahirupan manusa. Sedengkeun ditilik dina hartina, paribasa nuduhkeun harti naséhat jeung wawaran luang (eunteung hirup) pikeun sakumna manusa.

Jadi nu dimaksud paribasa nyaéta mangrupa pakeman basa nu runtuyan kecap-kecapna geus puguh éntép seureuhna, teu bisa dirobah atawa ditambahan jeung dikurangan sarta miboga ma'na nu jero, ngandung unsur kawijaksanaan, bebeneran, ajén atikan, ajén moral nu sumebar di masarakat Sunda ngaliwatan prosés *transfer* budaya ti generasi ka generasi.

Conto-conto paribasa nu lianna di antarana nya éta:

1. *Ari diarah supana kudu dijaga catangna.* Hartina ari aya atawa boga barang nu dipaké atawa diala hasilna kudu daék ngurusna.
2. *Cikaracak ninggang batu laun-laun jadi legok.* Hartina usaha nu dilaksanakeun kalayan leukeun tur rajin najan sauetik-saeutik, pasti bakal aya hasilna.
3. *Buruk-buruk papan jati.* Hartina Sanajan kumaha ngéwana atawa keselna ka dulur, tapi nalika dulur meunang karerepet mah pasti hayang nulungan.
4. *Cul dogdog tinggal igel.* Hartina ninggalkeun pagawéan nu poko ku migawé pagawéan nu euweuh mangpaatna.
5. *Ka cai jadi saleuwi, ka darat jadi salebak.* Hartina jeung dulur kudu sauyunan.

Ditilik dumasar ma'na jeung maksud nu kakandungna, paribasa dibédakeun kana tilu rupa, nya éta (1) paribasa wawaran luang, (2) pangjurung laku hadé, jeung (3) panyaram lampah salah.

Paribasa wawaran luang nya éta paribasa nu eusina ngeunaan ungkara pangalaman hirup manusa nu bisa dijadikeun padoman hirup. Salahsahiji contona nu kaasup kana paribasa wawaran luang nya éta 'Asa ditonjok congcoot'. nu ngandung harti geus lila mikahayang hiji hal atawa barang, ujug-ujug aya nu méré.

Paribasa pangjurung laku alus nya éta paribasa nu méré naséhat supaya jalma daék ngalakukeun kahadéan. Ieu paribasa biasana dicirian ku kecap "kudu" di awal kalimahna, contona 'Kudu hadé gogog hadé tagog'. Hartina jalma kudu alus caritaanana jeung kudu alus paripolahna.

Paribasa panyaram lampah salah nya éta paribasa nu méré naséhat sangkan jalma ulah ngalakukeun paripolah anu salah. Biasana ieu paribasa sok dimimitian ku kecap "ulah". Misalna 'Ulah pelengkung bekas nyalahan' Hartina tingkah laku urang salilana kudu bisa dijaga tetep bener tur hadé nepi ka tungtung, ulah tempo ahirna nincak di goréng.

Dina prak-prakanana, paribasa panjurung lampah hadé teu salilana dimimitian ku kecap 'kudu', tapi cukup diterangkeun ku harti éta paribasa nu nunjukkeun ma'na 'kudu' ngalampahkeun /nyingkahan. Kitu deui dina paribasa panyaram lampah salah teu salilana dimimitian ku kecap 'ulah', tapi cukup ku

harti nu kakandung dina éta paribasa nu nuduhkeun ma'na 'ulah' milampah saperti nu disebutkeun dina éta paribasana. Contona dina paribasa 'undur katingali punduk, datang katingali tarang'. Dina éta paribasa najan teu maké kecap 'kudu' tapi kaasup kana golongan paribasa pangjurung lampah alus sabab hartina nuduhkeun ma'na 'kudu'.

### **C. Kegiatan Diajar Ngajar**

Saméméh ngalaksanakeun proses diajar, sumber bahan ajar nu mangrupa teks wacana kudu disiapkeun sajumlah siswa sangkan kabéh siswa bisa ngalaksanakeun kegiatan maca teks.

#### **1. Léngkah Bubuka**

- Guru nyiapkeun teks wacana;
- Guru mariksa kasayagaan siswa pikeun ngalaksanakeun pangajaran
- Guru nepikeun KI, KD, jeung tujuan pembelajaran ngeunaan materi pangajaran nu bakal ditepikeun
- Guru ngabagikeun teks wacana ka tiap siswa.

#### **2. Kegiatan Inti**

##### **Niténan**

- Guru ngajelaskeun ngeunaan konsep dasar paribasa Sunda
- Guru ngarahkeun kegiatan murid maca wacana nu disadiakeun pikeun maham kana paribasa Sunda.
- Murid maca teks wacana
- Murid nyatet hal-hal nu kurang kaharti

##### **Nanya**

- Murid nanyakeun hal-hal nu kurang kaharti

##### **Ngomunikasikeun**

- Guru jeung murid nyawalakeun eusi wacana.



- Guru méré patalékan-patalékan ka siswa sacara lisan.
- Murid ngajawab, méré kamandang (pendapat), nuduhkeun sikep, jeung ngarespon masalah.

### ***Mengaktualisasikan***

- Murid nyieun kalimah sorangan ngagunakeun paribasa Sunda.

### **3. Panutup**

- Guru nyieun tingkesan dina konsep-konsep nu kapanggih (*refleksi*)
- Siswa dibimbing nyieun jurnal atawa catetan

## **E. Penilaian**

### **- Aspek Penilaian**

#### 1. Aspek Kognitif (karakter olah pikir)

- Mampuh henteuna ngajawab patalékan ti guru boh sacara lisan, kitu deui tulisan.

#### 2. Aspek Afektif (karakter olah haté jeung olah rasa)

- Sikep *keberanian, kejujuran, kerjasama, keaktifan, , dan kepedulian lingkungan.* ( dipeunteun salila prosés diajar).

#### 3. Aspek Psikomotorik (olah raga/kinestetik)

- Nuduhkeun kamampuh bisana gawé bareng jeung nu lian, kaparigelan dina nyarita jeung nulis, jeung kamampuh *mengkomunikasikan* hasil diajar.

### **- Bentuk Penilaian**

- Tes Lisan
- Unjuk Kerja.

### **- Kriteria Penilaian**

Produk (hasil tanya jawab/diskusi dan atau hasil tes lisan)

Achmad Sopian Effendi, 2014

*Ajén-inajén Kaislaman Dina Paribasa Sunda Pikeun Mekarkeun Bahan Pangajaran Basa Sunda Berbasis Karakter Di SMP*

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

No	Aspek	Kriteria Penilaian	Skor
1	Konsep (kognitif)	• semua benar	4
		• sebagian besar benar	3
		• sebagian kecil benar	2
		• semua salah	1

Performansi (melalui pengamatan)

No	Aspek	Kriteria Penilaian	Skor
1	Afektif (olah hati, olah rasa dan karsa)	• baik sekali	4
		• baik	3
		• cukup	2
		• tidak baik	1
2.	Psikomotorik (olah raga/kinestetika)	• baik sekali	4
		• baik	3
		• cukup	2
		• tidak baik	1

### LEMBAR PENILAIAN

No	Nama Siswa	Performan		Produk	Jumlah Skor	Nilai
		Afektif	Psikomotor			
1						
2						
3						
4						

Catetan:

Nilai = ( Jumlah skor : jumlah skor maksimal) x 10.

Siswa nu teu lulus KKM wajib dirémidial.

Achmad Sopian Effendi, 2014

*Ajén-inajén Kaislaman Dina Paribasa Sunda Pikeun Mekarkeun Bahan Pangajaran Basa Sunda Berbasis Karakter Di SMP*

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

